

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Dina kahirupan sapopoé, manusa moal leupas tina sastra. Sastra mangrupa hiji kreativitas manusa dina enggoning ngébréhkeun sagala rupa nu aya dina pikirana kayaning harepan, tujuan, jeung kahayang kalayan ngaliwatan média basa. Ku lantaran kitu, karya sastra nu mangrupa hasil tina pikiran manusa téh ngajanggélék jadi salah sahiji wujud tina budaya, boh dina wangun basa tinulis (sastra tulis) boh basa lisan (sastra lisan). Pon kitu deui gelarna hiji karya sastra gumantung kana kahayang atawa tarékah manusana sorangan. Lahirna hiji karya sastra mangrupa hasil tina paniténa kana réalita jeung pénomena kahirupan sapopoéna dina ngalakonan hirup kumbuh di lingkungan kulawarga, masarakat, jeung nagarana. Karya sastra mangrupa banda budaya nu masih kénéh éksis di masarakat jeung jadi wawakil tina gambaran kahirupan dina jamanna.

Laju mekarna karya sastra gumantung kana kamekaran jaman, karep, jeung karesep masarakat dina lingkungan harita. Ku kituna, ditilik tina kuantitasna sastra tulis leuwih punjul tibatan sastra lisan. Ku lantaran sastra tulis mah kadokumentasikeun, jadi teu gampang tumpur. Hal éta ngagambarkeun yén karya sastra tinulis, anu mangrupa naskah Sunda nu hirup di masarakat, sok sanajan héngkér tur jumlahna beuki ngurangan tetep bisa leuwih langgeng tibatan sastra lisan.

Hal éta luyu jeung katerangan Achadiati (1977: 28) yén sastra lisan nu hirup di masarakat umumna gancang tumpur, sabab kurangna panitén jeung

karep pikeun ngariksana. Hal éta mangrupa pangaruh tina kamekaran jaman jeung tata hirup masarakat. Ku lantaran kitu, filolog kudu bisa maluruh jeung ngaguar éta banda budaya, boh dina wangun karya sastra boh banda sajarahna.

Panalungtikan naskah Sunda dibaladah ku para sarjana Walanda anu mibanda misi pikeun néangan *the foundations of national cultural* atawa *the background of the traditionality of people* sakumna sélér bangsa di Nusantara dina mangsa harita. Éta filolog téh diantarana van Der Tuuk, jeung Hurgronje. Salian ti sarjana luar, sarjana pribumi ogé loba nu milu aub dina éta kagiatan diantarana Hoesein Djajadiningrat, Poerbatjaraka, jeung Prijo Hutomo, kalayan harita mawa misi salaku partisipan pikeun ngamumulé banda budaya anu ampir tumpur boh karya sastra boh sajarahna (Sutrisno, 1981: 13).

Naskah mangrupa hiji banda budaya dina wangun karya sastra tinulis, anu mangrupa hasil tulisan leungeun titinggal sastrawan bihari, kalayan mibanda unsur éstétis, imajinatif, historis sarta ngadéskripsikeun struktur répléktif jadi éksplisit dina ngagunakeun basana.

Hal éta saluyu jeung pamadegan Iskandarwassid (1992: 88) yén naskah mangrupa wacana (téks) hasil tulisan para pujangga baheula, anu dibeundeul (dibukukeun tapi lain dicitak). Sacara reflektif naskah klasik jadi hiji wujud hasanah budaya bangsa nu luhung ajénna, tur sacara ékplisit, karya sastra mibanda fungsi imajinatif dina ngagunakeun basana. Dijéntrékeun ku Sudaryat (1991: 2), fungsi imajinatif dina karya sastra nya éta fungsi basa anu kuat patalina jeung amanat dina ngagunakeun basa, anu bisa nimbulkeun rasa éndah (éstétis) kalayan mibanda tujuan pikeun ngahontal kasugemaan batin (émosi), sarta mangrupa

kristalisasi tina pangalaman jiwa dina enggoning maké basa, tur diréalisasikeun dina wangun karya sastra tinulis jeung lisan.

Baried (1985: 54), nétélakeun yén naskah “*merupakan objek penelitian filologi yang berupa tulisan tangan yang menyimpan berbagai ungkapan pikiran dan perasaan sebagai hasil budaya bangsa masa lampau*”.

Péréléan di luhur nétélakeun yén naskah téh mangrupa karya sastra buhun atawa disebut ogé karya sastra klasik. Naskah kungsi gelar jeung hirup di masarakat sabudeureunana sarta kuat pangaruhna kana sajarah tradisi baca tulis di éta wewengkon.

Gelarna naskah bareng jeung sajarah kamekaran Sunda. Dina naskah téh sok aya nu disebut wawacan jeung babad. Anu disebut wawacan nya éta carita panjang dina wangun dangding anu dianggit maké patokan pupuh, sedengkeun babad nya éta mangrupa carita wanda heubeul anu medar ngeunaan riwayat luluhur atawa kajadian-kajadian penting jaman baheula di salah sahiji daérah.

Nurutkeun Iskandarwassid (1992: 164), mekarna wawacan téh ngaliwatan sababaraha tahap. Dina tahap kahiji lalakon-lalakon tina sastra Jawa téh langsung disalin, henteu disundakeun heula. Tahap kadua, témbong usaha narjamahkeun nyalin kana basa Sunda, sangkan eusina kaharti ku balaréa. Tahap katilu, ngarang tina carita nu geus nyampak ti baheula dina wangun wawacan, saperti tina dongéng, hikayat, jeung babad. Tahap kaopat, sabada aya téknologi, wawacan diterbitkeun mangrupa buku, sarta wandana anyar.

Conto naskah anu maké istilah wawacan nya éta: *Wawacan Panji Wulung, Wawacan Purnama Alam, Wawacan Danumaya,, Wawacan Ali Muhtar,* jrrd. Conto naskah anu kaasup kana babad nya éta *Babad Istambul, Babad Panjalu, Babad Sumedang, Babad Cirebon, Babad Bogor, Babad Cikuldul,* jrrd.

Salian ti conto di luhur, loba kénéh naskah anu masih kénéh bacacar di pilemburan anu dipusti-pusti kénéh ku nu bogana sanajan sakapeung teu ngarti eusi jeung gunana. Ku lantaran teu ngarti kana eusi jeung gunana, ahirna réa aturan-aturan nu dijieun. Aya nu boga anggapan yén naskah téh aya hodaman, aya matakna lamun dibuka ku sambarangan jalma, atawa pamali. Ku kituna, nu boga naskah teu wani muka naskah, komo ngaguar eusina mah. Lantaran teu dibuka-buka, éta naskah ruksak salian ku waktu, bisa ogé ku sato kayaning beurit atawa ngenget. Nepi ka tungtungna mah éta naskah teu katepikeun ka nu séjén, tapi kalah tumpur.

Saéstuna naskah-naskah nu saperti kitu téh lain baé baris gedé hartina pikeun pangaweruh katut dokumentasi sastra Sunda, tapi henteu mustahil réa mangpaatna pikeun panalungtikan sajarah Sunda. Éta naskah téh kuduna mah kabéhanna dikumpulkeun, diropéa, jeung disimpen. Tuluy dibaca, ditalungtik, jeung diguar, ku para ahlina. Bahan-bahan anu sakitu réana henteu mustahil baris méré sumbangan pikeun élmu-élmu séjén, kaasup pangajaran sastra Sunda.

Naskah-naskah anu kapanggih biasana ditulis dina rupa-rupa bahan nya éta: daluang, kertas saéh, kertas eropah, daun kawung, jeung daun lontar. Alat tulis anu sok dipaké pikeun nulis naskah nya éta péso pangot, paku andam, nyéré

kawung, kalam jeung pulpén. Aksara nu dipaké dina nulis naskah nya éta aksara Arab Pégon, Cacarakan, Latén, jsté.

Dina hiji naskah bisa jadi eusina leuwih ti hiji téks, contona saperti dina naskah *Silsilah Luluhur Ciamis*. Naskah ogé aya nu eusina mangrupa babad. Babad nya éta mangrupa carita wanda heubeul anu medar ngeunaan riwayat luluhur atawa kajadian-kajadian penting jaman baheula di hiji daérah.

Ditilik tina eusina, *Silsilah Luluhur Ciamis* téh nya éta naskah anu kapangaruhan ku agama Islam. Tokoh dina *Silsilah Luluhur Ciamis* kacida réana, tapi eusina kalolobaana nyaritakeun ngeunaan luluhur atawa karuhun urang Ciamis. Aksara anu digunakeun nya éta aksara Pégon jeung basa nu digunakeun nya éta basa Sunda campur basa Jawa, eusi caritana ditulis dina wangun prosa.

Anu jadi dasar nyokot judul “*Silsilah Luluhur Ciamis: Ulikan Filologis jeung Analisis Teks*” nya éta:

- 1) mikawanoh kana naskah sajarah anu mangrupa karya sastra titinggal kolot baheula;
- 2) ngaguar unsur-unsur anu ngawangun carita;
- 3) ngamumulé jeung ngamanfaatkeun warisan kabudayaan kolot baheula ngaliwatan ulikan filologis jeung analisis teks *Silsilah Luluhur Ciamis*.

## 1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

### 1.2.1 Watesan Masalah

Sangkan panalungtikan mibanda ajén kualitas nu hadé, ku kituna dina medar ieu masalah kudu diwatesanan, nu tujuanana nya éta:

Ngantisipasi *overload* masalah anu rék ditalungtik, jeung ngawatesanan pedaran sangkan teu lega teuing ambahanana.

Ku kituna ieu panalungtikan diwatesanan. Ngeunaan kajian filologis anu ngawengku édisi téks/ kritiks téks, jeung analisis téks naskah *Silsilah Luluhur Ciamis*. Analisis téks ngawengku déskripsi, alur, unsur pangwangun carita, jeung tafsiran eusi naskah.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan di luhur, masalah nu dipedar dirumuskeun ku patalékan di handap ieu.

- 1) Kumaha déskripsi naskah *Silsilah Luluhur Ciamis*?
- 2) Kumaha analisis filologis *Silsilah Luluhur Ciamis*?
- 3) Kumaha analisis téks naskah *Silsilah Luluhur Ciamis*?

## 1.3 Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Panalungtikan

Ku jalan ngalihaksarakeun naskah *Silsilah Luluhur Ciamis*, ieu panalungtikan mibanda tujuan:

- 1) ngadéskripsikeun raratan naskah *Silsilah Luluhur Ciamis*.
- 2) nembrakkeun ulikan teks tina hasil analisis filologis nu aya dina naskah *Silsilah Luluhur Ciamis*.
- 3) nembrakeun hasil analisis téks *Silsilah Luluhur Ciami*.

### 1.3.2 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré mangpaat, nya éta:



- 1) pikeun mikawanoh jeung nambahan pangaweruh kana naskah, anu mangrupa hasil karya sastra titinggal karuhun boh pikeun nu nulis boh pikeun nu maca;
- 2) bisa ngajéntréken jeung ngaguar eusi naskah *Silsilah Luluhur Ciamis*;
- 3) sangkan jadi tatapakan sajarah pikeun warga Ciamis hususna, umumna pikeun élmu pangaweruh urang Sunda.

#### 1.4. Anggapan Dasar

Naskah mangrupa salah sahiji karya sastra nu mibanda ajén budaya jeung réligi anu raket patalina jeung kahirupan. Kitu ogé dina naskah *Silsilah Luluhur Ciamis*, di jerona mibanda ajén-ajén sastra.

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) naskah *Silsilah Luluhur Ciamis* téh mangrupa salah sahiji karya sastra klasik atawa buhun;
- 2) dina naskah *Silsilah Luluhur Ciamis* téh ngandung sababraha unsur carita;
- 3) naskah mangrupa salah sahiji karya sastra buhun, nu perlu diguar atawa ditalungtik tur dimumulé sangkan teu tumpur.

#### 1.5 Tatapakan Téori

Tatapakan téori anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téori sastra jeung filologi. Téori sastra anu dipaké tur aya patalina jeung téori filologi nya éta: *Panyungsi Sastra* (Rusyana, 1981), jeung *Kamus Istilah Sastra* (Iskandarwassid,

1996). Ieu téori dipaké pikeun pangrojong unsur-unsur pangwangun dina karya sastra.

Téori anu aya patalina jeung téori filologi nya éta: *Pengantar Teori Filologi* (Siti Baroroh dkk, 1985), jeung *Naskah dan Studi Naskah* (Pujiastuti, 2006). Ieu téori dipaké pikeun mikanyaho ngeunaan filologi, jeung sagala hal anu aya patalina jeung perkara wawacan. “Sebuah Genre Sastra Sunda” (Ruhaliah, 2004), *Transliterasi Aksara kuno, Cacarakan, dan Pégon, serta Penyusunan Edisi Téks dan Terjemahan* (Ruhaliah, 2006), jeung *Filologia Nusantara* (Achadiati Ikram, 1997). Ieu téori dipaké pikeun nyusun transliterasi naskah tina aksara Arab Pégon kana aksara Latén.

## 1.6. Wangenan Operasional

Sawatara istilah perlu ditétélakeun deui patali jeung ieu panalungtikan.

### 1. Silsilah

Silsilah nya éta daftar asal usul atawa béréndélan turunan pakait siwur nepi ka anak atawa sabalikna (*Kamus LBSS*, 1985: 447).

### 2. Luluhur Ciamis

Luluhur Ciamis nya éta kokolot atawa nu jadi karuhun urang Ciamis.

### 3. Ulikan filologi

Ulikan filologis nya éta hiji kajian panalungtikan téks klasik mangrupa runtuyan kagiatan tala’ah téks anu aya dina naskah pikeun ngungkab ajén-ajén masarakat baheula nu nyangkaruk dina karya sastra (Pudjiastuti, 1997: v)



Ulikan filologis anu baris ditalungtik tur dipaluruh nya éta ngawengku;

- 1) ngungkab struktural téks jeung unsur pangwangun naskah,
- 2) déskripsi téks jeung raratan naskah,
- 3) kritiks téks babandingan naskah antara translit asli jeung translit édisi revisi.

#### **4. Analisis**

Analisis nya éta nelaah unsur-unsur karya sastra pikeun maham hubungan di antara unsur-unsurna (KBBI, 1982:32).

5. *Silsilah Luluhur Ciamis: Ulikan Filologis jeung Analisis Teks* nya éta analisis unsur Filologis jeung analisis teks naskah *Silsilah Luluhur Ciamis*.

